ЗэІущІэм гулъытэ щыхуащІащ шоферхэр республикэм и еджапІэхэм зэрыщыхуагъэхьэзырым. Абы теухуауэ Бэджыдэ Юрий къыхигъэщащ гъуэгу-транспорт къэхъукъащІэхэм я Іыхьэ ханэр рулым дэтІысхьагъэщІэхэм я зэранкІэ къыщэрыхъур. Илъэсищ нэхъ мащІэ стажу зиІэ шоферхэм (абдежым ящыщу 11-р цІыхубзщ) я зэранкІэ аварие 122-рэ къэхъуати, цІыху 28-рэ хэкІуэдащ, 174-м фэбжь ягъуэтащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр автомобиль-гъуэгу колледжым и унафэщІ Абрэдж Мартин жиІащ егъэджакІуэхэми Іэщ ІагъэлІхэми нэхъ тКІийуэ ябгъэдыхьэн зэрыхуейр. Къыхигъэщащ гъуэгум зэрыщыізекІуэ хабзэхэр пщІэнкІэ Іэмалынщэу щымыт Іуэху елПыкІэ зэфІэувам, щэнхабзэр зэрыльахъшэм уэзриГэпІейтёр.

ЗэІущІэм и кІэуэным комиссэм и план, зытепсэлъыхьа Іуэхугъуэхэм теуха унафэ къащтащ. КъБР-м Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым хуагъэуваш ди республикэм къэрал автотранспорт Іуэхущ Іапли къыщыізэгъэпэщыныжкІэ къыхалъхьа жэрдэмыр Правительствэм Іэрагъэхьэну.

УАРДЭ Жыраслъэн.

● Гу зылъытапхъэ

УпщІэ зиІэ щыІэ?

Цыхуэхэм зыкъызэхуагъэзэн папщІэ щыпІэхэм 2015 гъэм и япэ мазищым КъБР-м и прокуратурэм и Іэнатіэхэм я унафэщІхэр зэрыкІуэну ягъэбелджылам икІэ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и уголовнэ-суд къудамэм и унафэщІ **Чеченов Борис Щамил и къуэм** КъБР-м и Шэрэдж районым щыщ Къэщкъатау поселкэм Мечиевым и цІэр зезыхьэ и уэрамым и 101-нэ унэм 2015 гъэм мазаем и 18-м цІыхуэм щалъщІэнчуд сыхьэтр 11-м къыщыщІэдзауэ 13-м хъуху.

УпщІэ зиІэхэр фыпсалъэ 8(86636) 41-7-81 телефонымкІэ.

● Гъуаздджэ

Саратов къалэ къикІа телъыджэ

Гъуаздджэхэмкіэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым мастер-класс щитащ пианисткэ, солисткэ, концертмейстер Снименкэ Евгение.

СНИМЕНКЭ Евгение фортепианэм щыхуеджащ Саратов къалэм Собинов Л. В. и цІэр зезыхьэ и консерваторэм. И щІэныгъэм аспирантурэм щыхигъэхъуащ. Евгение щрегъаджэ Самарэ областым хыхьэ Сызрань къалэм Щэнхабзэмрэ гъуаздджэхэмкІэ и колледжым. Уэрэдджы Іакіуэхэмрэ къэфакІуэхэмрэ я гъусэу Урысейм, Франджым, Болгариием, нэгъуэщІ щІыпІэхэм зыкъыщегъэпльагъуэ. Бзыпхъугъэм и пианинэ еуэкІэр куэдым ягу дихьэу щІыналъэхэм ирагъэблагъэ. Кхъыхэгъэщыпхъащ, Снименкэ Евгение зэпеуэ, фестиваль куэдым я лауреат зэрыхъуар, Астрахань къалэм щекІуэкІа дунейпсо зэпеуэм и саугъэт нэхъыщхьэр къызэрыхуагъэфэщар, музыкэ творчествэмкІэ къалэ зэпеуэм «Признание» саугъэтыр къызэрыщихьар.

Дерсым кхъихьэлІахэр зыщдамыгъэнщІу едэІуащ фІыуэ ялъагъу композитор, пианист цІэрыІуэхэу Шопен Фридерик, Шуман Роберт, нэгъуэщІхэми я макъамхэм. ЗэлуцІэм и кІэуэным Снименкэ Евгение студентхэм я упщІэхэм жуэл яритащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Абы дегъэпІейтей

«Ди сабийхэм я узыншагъэм, шынагъуэншагъэм папщІэ»

Апхуэдэ фІэщыгъэм щІэту зэхаубла нарткотикым пэщІэтынымкІэ урысейпсо акцэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щокІуэкІ.

УРЫСЕЙМ Наркотикэм кІэлъыплъныныжкІэ и федеральнэ къулыкъум и Іуэхущ Іапли Іэу КъБР-м щыІэм щызэхэтащ «Ди сабийхэм я узыншагъэм, шынагъуэншагъэм папщІэ» нарткотикым пэщІэтынымкІэ урысейпсо акцэр 2015 гъэм мазаем и 2-м щыщІэдзауэ накъыгъэм и 15 пщІондэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм щегъэкІуэкІыным икІи абы зыхуэгъэхьэзырынымкІэ штабым и зэІущІэ.

Акцэр хуэунэтІащ наркоманиер къызэрыпудыным екъэлІа Іуэхуэгъуэхэм адэ-анэхэр, егъэджакІуэхэр, жылагъуэр къыхэшэным, къищынэмыщІауэ, ныбжьыщІэхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я деж ГъащІэ узыншэр щыхэпщэным, наркотикым и бий Іуэху епГъыкІэр щызэфІэгъэувэным тещІыхьа лэжьыгъэ адэ-анэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ я деж къыщызэгъэпэщ ныным.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу, Урысейм Наркотикэм кІэлъыплъныныжкІэ и федеральнэ къулыкъум и Іуэхущ Іапли Іэу КъБР-м щыІэм, КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ, Узыншагъэр хуэмэныжкІэ министерствэхэм зи сэбэн зыхэль ведомствэхэм ящыгъуу планым ипкъ иткІэ, республикэм и еджапІэ Іуэхущ Іапі Іэхэм наркотикым пэщІэтынымкІэ Іуэхугъуэхэр (лекцэхэр, семинархэр, профилактикэ псалъэмакъэр, «СтІол хъурейкэр», узыншагъэм и дерсхэр, класс сыхьэтхэр, тренингхэр, наркотикэхэкІхэр, акъылыр зыгъэутхъуэ вещественхэр зрахьэлІэмэ зэхэзыгъэкІ тестхэр, видео лекториеихэр, конкурсхэр, выставкхэр, интернет дерсхэр, нэгъуэщІхэри) еджакІуэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ, егъэджакІуэ гупым щыдгъэкІуэкІынущ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ Іапли Іэм щыгГъуазэ дызэрищІамкІэ, нэгузегъэужьыпІэхэм, сату щІапІэхэм, гугъуехьхэр нэхъ зыпыщІа республикэм и егъэджэныгъэ Іуэхущ Іапі Іэхэм, зи адэ-анэхэм наркотикхэкІхэр зезыхьэлІэ балигъ мыхъуа сабийхэр щыпсэуэхэм ведомствэхэм наркотикэм пэщІэтынымкІэ рейдхэр, щытыкІэ гугъум къихута сабийхэу школ-интернатхэмрэ реабилитацэ центрымрэ щыІэхэм я деж Іуэхугъуэхэр щрагъэкІуэкІыну я мурадщ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

ГуфІэгъуэ махуэ - зауэр иухащ.
Берлин. 1945 гъэ, накьыгъэм и 8

Пщэрылъхэр зэрагъэзащІэм щытопсэлъыхь

● ЗэІущІэхэр

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэм и къуэдзэ Милейкэ Сергей Правительствэм и Унэм мазаем и 12-м щригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и хуабэ-энергетикэ комплексым и щытыкІэмрэ абы зегъэужьынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэмрэ щытепсэлъыхьа зэІущІэ. Зэхэльэм хэтащ КъБР-м и Премьер-министр Мусуков Алий.

КАВКАЗ ИЩХЬЭРЭ федеральнэ щІыналъэм социальнэ, экономикэ я лъэныкъуэкІэ зэрызиужьынум теухуауэ Правительствэ комиссэм иригъэкІуэкІа зэІущІэхэм (2013 гъэ дыгъэгъазэм и 18, протокол №9, 2014 гъэ дыгъэгъазэм и 12, протокол №12) къарикІуахэм ябгъэкІуэну, УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий ищІа пщэрылъхэр гъэзэщІа зэрызыхъ зэІущІэм щызэпкърихащ республикэм и яп э вице-премьер Альтуд Юрий.

КъищынэмыщІауэ зэхьхьэм къыщыпсэлъащ, я Іуэху епГъыкІэхэр къаІуэтащ КъБР-м къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ щыІэ министрым и къуэдзэ Тату Къазбэч, «Къэббалъкъэнерго» ОАО-м и управляющэ унафэщІ Дэхъущокъуэ Аслъэн, «Кавказ Ищхьэрэм и МРСК» акционер обществ зэІухьам и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и Іэтащхьэ Гъубжокъуэ Юрэ, «Газпром - Псыхуабэ щІыналъэ зэхуаку газ» ООО-м социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іэнатіэхэм ядэлэжьэныкІэ и унафэщІым и къуэдзэ Федяшев Александр сымэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Адыгэ бзылъхугъэ

● Псалъэжьхэр

Анэм и хабзэ, пхъум и бзыпхъэ

♦Бзылъхугъэм псищэ Іутщ.
♦Бзылъхугъэ пшэрыхь хущанэ.
♦Унэгущэр щІагъуэмэ, унагъуэм къеІуатэ.
♦Фызыфі гъэтІылъыгъэншэ хъуркъым.
♦Фызыфіыр унэщ, фыз Іейр щІыунэщ.
♦Фызыфі и Іэнэ зэтетщ.
♦Фыз бзаджэ нэпсрыгущІэщ.
♦Фыз фэрыщІ лІыгъапщІэщ.
♦Анэр нэм хуэдэщ.
♦Анэм и хабзэр, пхъум и бзыпхъэщ.
♦Анэ бгъафэрэ хъурыфэ джанэрэ.
♦Анэр нэщи, адэр лъэпкъщ.
♦Анэ шыпхъу анэ палъэщи, адэ къуэш адэ палъэщ.
♦Анэ зимыІэм гуІэр и махуэщ.
♦АнэнэпІэсрэ гупкІэ тІысыпІэрэ.
♦Дыгъэ нэпс нэхърэ анэ бгъафэ.
♦И анэр гупсэщ, и адэ псэущ (къэзыльхуахэр узыншэщ, псэущ, насып иІэщ, жыхуиІэщ).
♦И анэ еплъи, ипхъу къашэ.
♦Гуащэр гъэрмэ, мэжабэз, хъыджэбзыр дэсмэ, мэутхъуэ.
♦Дахэр пагэмэ, пуд мэхъу.
♦Шыпхъум и гур дэлъхумкІэ гъэзащ.
♦Шыпхъуншэ нэхърэ шыпхъу нэф.
♦Шыпхъуншэрэ хьэдагъэншэрэ.

● Ди псэлъэгъуахэр

Сабий хъуэпсапІэм къыхкІа ІэщІагъэ

ЦІыхум къыдалъху анэдэлъхубзэрщ ар лъэпкъым щыщ зыщІыр. Куэд елъытащ абы бзэр зэрихъуэмэм. Унагъуэм, еджапІэм, цІыхур къэзыухъуреихьхэм къалэн пыухыкІахэр бзэм и Іуэхум щагъэзащІэми, нэхъыщхьэр ар къызэрыкІ гу лъащІэм и щытыкІэрауэ къыщІэкІынщ. И гум ечэнджэщащ Выкхъэ Жаннэ и ІэщІагъэр къыщыхихым. Икіи абы щигъуэкъым. Жаннэ езыр зыщалъхуа Къамлыкъуэ къуажэм дэт курыт еджапІэ нэужьым Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмкІэ и къудамэм щІэтІысхьащ. Ар диплом плъыжькІэ кьиухащ. Иджыпсту Налшык школ-гимназие №14-м адыгэбзэмкІэ и егъэджакІуэщ. ГъащІэм лъэбакъуэ угъурлыкІэ хьыхьа пщащэр и гупсысэхэмкІэ къыддэгущашащ.

Выкхъэ Жаннэ

- Жаннэ, дауэ къыхэпха хъуа фІы дыдэу узыхуеджа ІэщІагъэр?

- Сызэрысабийрэ сфІэфІщ егъэджакІуэ Іэщ1агъэр. Си адэ шыпхъуэр псори егъэджакІуэщи, ахэр щапхъэ схуэхъуауэ си гугъэщ. Еджэкіэ, тхэкіэ щысмыщІэми адэ шыпхъум и дерсхэм сыкІуэурэ седаІуэу сыщІэст. И тхьілъхэр сехъуапсэу къэзгъэкІуасэуэрэ щыззхэстхьхьаи куэдрэ къэхъуащ. ЕджапІэ сыщыщІэтІысхьэнум нэгъуэщІ Іэщ1агъэ гуэрхэм сахэдэнуи си нэгум къыщІэзгъэхьакъым. Адыгэбзэмкіэ егъэджакІуэ сыхъун мурад быдэрт сигуми си щхьэми илъыр. Школым сыщыщІэсым адыгэбзэмкІэ олимпиадэхэм сашэрт, абыхэм япэ увыпІэхэр къыщыхсырт. Хъарзынэу седжати, гугъуехьышхуи сыхэмыту сыщІэхуащ. ФІыщІэ яхуэфащэщ си школ егъэджакІуэхэм. Абыхэм нэхъри сыдрагъэхьэхащ, фІыуэ сагъэлъэгъуащ си анэдэлъхубзэр.

- КъБКъУ-м уцеджэныр къогугъуэкІа?

- Хьэуэ. Гурэ псэкІэ къыхэпха Іэщ1агъэм ухуеджэныр къыптехьэлъэу си гугъэкъым. Гугъуехь ущыхузэз къэхъуми, абы къыпэкІуэ екъуІэныгъэм псори пщегъэгъупщэжри, къанэр гуфІэгъуэщ. Дэрэжэгъуэ къыпхалъхьэ студентхэм щІэныгъэ бгъэдалъхьэн мурадым псэкІэ ета егъэджакІуэхэми. Къыхэзгъэщынут, зи щІэныгъэкІи, дерсыр студентым зэрыбгъэдилъхьэ Іэмалэмкіи сэ щапхъэ схуэхъуащ КъБКъУ-м и профессор Бакъ Зерэ. Аращ си диплом лжэныгъэм и щІэныгъэ унафэщІу щытар. «Къэбэрдей-Шэрджэс проэзм дин Іуэхур къыззрыхэщыр» темэм селэжьащ абы и гъэсэу. ШоджэнцІыкІу Алий, КІыщокъуэ Алим, Нало Заур, Шортэн Аскэрбий, Уэхъутэ Абдулыхь сымэ я тхыгъэхэр тегъэщІапІэ сщІащ. Тхакіуэхэм я дунейм теухуауэ щІэщыгъуэ куэд къыскухэзІуихащ си лэжьыгъэм, абыхэм я творчествэм сащыхуэзащ гъащІэм махуэ къэс къытхуигъэув упщІэ куэдым. Художественнэ тхыгъэхэр щапхъэу къыскуихьуэ абыхэм я жэуапхэм я лъагъуэм сытришащ щІэныгъэ унафэщІым. Куэдым гу лъызыгъатащ, сыхуиущащ, адыгэ литературэм и фІыпІэри мыхъумыщІэу хэлъри зэхэзгъэкІыфу сригъэсащ.

- Жаннэ, иджыпсту си гугъу пщІа адыгэ тхакІуэхэм хэт къаухэбгъэщынт?

- Нало Заур. Абы и тхыгъэхэр хъопсалъэм ещхьщ, укъигъэУІэбжьу гъэщІэгъуэн гуэр хэтщ дэтхэнэми.

- Университетыр, щІэныгъэ къыщІэпхам къинэмыщІауэ, гъащІэ еджапІи пхуэхъуа?

- Университетым куэд кьысхилъхьащ. Уи зэхэщІыкІ-гупсысэм зригъэужьуэр, абы зэхъуэкІыныгъэхэр хелъхьэ хьэл-щэнми, Іуэхугъуэхэм нэгъуэщІынэкІэ уакІэлъегъэплъыжь. Къуажэ школым сыщыщІэсым сыкъэзыухъуреихьыр си классэгъуэхэм я закъуэт. КъБКъУ-м гъащІэшхуэм сыхиишащ. ЦІхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ саригъашІэурэ, си гъащІэм увыпІэ ин щызыуфыда щІыху куэд сигъэщІыхуащ.

- Тыркум къиІэпхъукІыжа Едыджэ Нихьэирэ Шукранрэ я пхъурылъхуэр анэдэлъхубзэм зэрыхуебгъаджэм сыщыгъуазэщ. Дауэ зыхэпщІа Іэщ1агъэм и япэ гъэунэхуныгъэхэр?

- ИлъэсищІ ипэ бзэм хуэзгъэджэн щІэздзащ Дижанрэ Сэжанрэ. Урысыбзэ мыхъумэ, адыгэбзэкІэ къагурыІуэ щІагъуэ щыІэтэкъым. Езыхэми бзэр гугъу ехьу кьащтэрт нэхьапэхэм. Зыкъомрэ кьеэгъэпсэлъьэхэр дакьикьэм ящыгъупщэжыт е макъэхэр зэблагъэувыкІырт. Иджы я бзэр нэхъ хуэкъутащ икІи йогугъуэхэр. Зрагъэхъуліахэм сэри сыщогугфыкІ. Сэ езгъаджэ къуэдейкІэ къащтэркъым абыхэм бзэр, адэшхуэ-анэшхуэм зытрагъэчыныхьыр я анэдэлъхубзэрщ.

- ЩІэблэм анэдэлъхубзэр яІурылъу къэлпытэрэ ди нобэм?

- Къуажэ сабийхэм бзэр яІэщІэхуным ущІытегущэвыхьын щхьэусыгъуэ щыІэкъым. Ауэ къалэдэсхэм анэдэлъхубзэр Іэщ1ыб зэращІым гу лъыботэ. ЕджапІэми, уэрамми, уеблэмэ унагъуэми урысыбзэщ нэхъыбэр зэрыщІысапІэр. Ар си жагъуэщ.

- Абы хэкІыпІэ гуэр иІэу къыпщыхъуэр?

- Иджыпсту щІалэгъуалэм нэхъыбэу къагъэсэбэпыр интернетырщ. Абы къыщыхьа хъыбархэр адыгэбзэкІэ зэдзэкІамэ, анэдэлъхубзэкІэ лажьэ сайтхэр нэхъыбэу къыззэгъэпщамэ, бзэм гупыж хуащІыжыну пІэрэт жысІэу согупсыс. Щхьэпэу къызэольытэ иджыпсту видеокІэ узэплъ сабий шыпсэхэр адыгэбзэм кьрагъэтІасэ зэрыхъуар.

- Жаннэ, университетыр тху защІэкІэ къэбухыну уи гум иплъхьати, ар зэбгъэхъулІащ. Иджы сыт адэкІэ узыхущІэкъуну?

- Сабиигъуэм кьыхэсха хъуэпсапІэм иджыри сытеІэбакъым сэ. Си дипломыр япэ лъэбакъуэу аращ. ЩІэныгъэ убгъэдэлъри, диплом плъыжь дахэ уиІэри зыми щыщкьым, абыкІэ гъащІэм сэбэп ущымыхъуфынумэ. Араци, псори дяпэкІэщ

Епсэлъар **МАФІЭДЗ Мазагъуэщ.**

«Дыщэр зи Іэпэм къыпыщ» хужаІэ дахагъэ гуэр къэзыгъэщІ цІыхум. Езым и дуней къегъэщыж зи гугъу фхуэтщІыну пщащэми. Гъуазджэм и нагъыщэхэр наІуэу къызыхэщ дуней! Урысмамбэт Роза ПМНО-м Декоративно-прикладной гъуазджэхэмкІэ и къудамэм щоджэ. Гурэ псэкІэ бгъэдыхьащ Роза я Іэщ1агъэм. Ар къыщыхъуа Бахьсэн къалэ школым щыщІэса зэман лъандэрэ сурэт щыным дихьэхырт, абы къыщыззрагъэпэщ зэпеуэхэм хэтыныр зыхилъхьэ щыІэтэкъым.

Урысмамбэтым илъагъур дахагъэщ, къигъэщІыр щІэщыгъуэщ

ДЭТХЭНЭМИ и щыІэкІэ-псэукІэр, къыхих Іэщ1агъэр куэдкІэ елъытащ и сабиигъуэм щегъэжьауэ ар къэзыухъуреихь цІыхухэм, зыщІапІкІ хабзэхэм, зыхуагъасхэм. ЖыпІэ хъунущ Розэ и анэм и лъагъэр гъуэгу хуэхуауэ.

- Си анэм Іэщ1агъэ нэхъыщхьэу щы зригъэгъуэтащ. Ар журналистщ, филологщ, сурэтыщІщ. Ар и зы щхьэусыгъуэзу си гугъэщ сурэт щыным сыщІыдихьэхам. Школым нэхъыбІ дыдэу щыслъагъу дерсыр арат. Зэпеуэхэм куэдрэ сыхэтт. Ауэ абы щыгъуэ си сабий акъылымкІэ иджыри сегупсысыртэкъым Іэщ1агъэу къыхэсхьнур зыхуэдэнум. СфІэфІт, сыдихьэхырти арат сурэт щІэсщІыр. Школыр къэзухьи гъунэгъу щыхъум, Іэщ1агъэу къыхэсхьнум куэдрэ сегупсысащ, иджыпсту сызыхуеджэм сыкъэтеувыІащ - аращ си гум къыхихар. Си адэ-анэри абы щыгуфыкІащ. ЕджапІэр фІыуэ слъэгъуащ сыкъэщыщІэтІысхьа махуэм щегъэжьауэ. Ауэ иужьрей зэманхэм Іэщ1агъэм щхуэу хэлъ псори нэхъ кууу зыхэсщІэ хъуауэ кьысщохъу. Іэщ1агъэ мытыншым къыхэкІ гурыфыгъуэр зэрыІэфІыр кьызгурыІуащ.

Розэ Іэкіуэлъакіуэ хуэхъуащ сурэт щыным. Абы зрепщет цІыху цІэрыІуэхэм я сурэтхэр ищІыным. Иужьрейуэ зэлэжьахэм ящыщщ 2014 гъэм къыззраліхуэрэ зи ныбжьыр илъэси 100 ирикъуа ди тхакІэушхуэ КІыщокъуэ Алим, Британиеим и киноактер цІэрыІуэ Коннери Шон сымэ я сурэтхэр, езым ейр. ИщІын фІэфІщ щапхъэу къилъытэ и егъэджакІуэхэм я сурэтхэри.

- Зы сурэтыр зэ тІысыгъуэм - сыхьэт зытІущ нэхъ тезмыгъэкІуадэу щысщІи, ныкъуэщІу ззэгъэтІылъэкІрэ нэхъ иужькІэ къэсщтэжурэ сыщелэжьи щыІэщ, - жеІэ пщащэм.

- Мы гъэр Іуэхугъуэ дахэхэмкІэ гъэнщІауэ ящыкъуІэкІащ. Лъэпкъ музейм студентхэм ящІа сурэтхэм я гъэлъэгъуэныгъэ гъэщІэгъэун щекІуэкІащ. Ар Іыхьищу гуэшат: сурэт щыныр, графикэр, скульптурэр. Сэри нэхъ къызэхъулІауэ къэслъытэ си лэжьыгъэхэр абы хэтащ: сурэту щы, графикэмрэ скульптурэмкІэ зырыз. «ДизайнымкІэ колледжым» щыІащ дизайнер ныбжьыщІэхэм я «Стильный акцент» зэпеуэ. Абыи си лэжьыгъэ щызэгъэлъэгъуащ. Мы гъэр къыскуэгъурльуэ, къыскуэгуапэу йокІуэкІ...

Розэ зыхуеджэ Іэщ1агъэм дезыгъэхьэхэм ящыщ ІуэхугъуэщІ лъэпкъ щхьэкІэзэм и щхэу гуэркэр къызэрищІэри.

- Куэд щІакъым дыщэ ІуданэкІэ хэддыкІыу зэрыщІэддзэрэ. Абыи егъэлеяуэ сыдехьэх. ЕджапІэр къыщыдухкІэ дгъэззэщІэну диплом лэжьыгъэри лъэпкъ жыпхъэм итынущ: бзылъхугъэ е цІыхухъу лъэпкъ фащэ ддынущ. Си Іэщ1агъэм лъэпкъ Іуэхур къыхэщу зэрыщытым зы гурыщэ Іэфі гуэр си гум кьрелъхьэ. Хабзэм, щэнхабзэм гъунэгъу сыхуещІ, апщІондэхункІи нэгъуэщІ зы лъэпкъми имыІэ ди хабзэ дахэхэм срогушхуэ. Псалъэм папщІэ, нэхъыжьымрэ нэхъыщІэмрэ яку дэлъ зэхущытыкІэм акъыл жанагъыу хэлъыр сыт хуэдиз! СегъэгуфІэ адыгэ щІалэгъуалэм лъэпкъ фащэм и пщІэр къаІэтыжу гу лъызотэри. Куэдым ирагъэд, махуэшхуэхэм ирокІуэ, иропагэ. Пэжщ, махуэ кьэс зыщыбгъагъыну гугъуэхуныщ адыгэ фащэр. Махуэшхуэ фащэу абы кьыпхэхьун щыІэкъым.

Сурэт щІыныр, щыгъын дахэхэр дыныр зи Іэщ1агъэ пщащэ Іэкіуэлъакіуэм и хъуэпсапІэри и мурадхэри гуапэщ.

- Иджыпсту сиІэр «студент хъуэпсапІэщ» - сыхуейщ диплом плъыжькІэ еджапІэр къэзухьну икІи ар мурад быдэу си гум илъщ. ИужькІэ злэжьныхэм сытепсэлъыхьыну иджыпсту пасэу кьыщІэкІынущ, ауэ сохъуапсэ сурэт щІынымкІэ салон къызэІусхыну, си лэжьыгъэхэр згъэлъагъуэ кьудей мыхъуу, абыхэм ятеуха тхыгъэ кІэщІэри дыщІызгъужурэ си Іэдакъэщ1экІэхэр гъуэгу тезгъэувэну. Дэнри сфІэфІ дыдэщ. Си щыгъынхэм сэ здыжауэ куэд яхэтщ, си анэм, си шыпхъуэхэм саХуодэ. Уеблэмэ сурэт щІынымрэ дэмырэ дэтхэнэр нэхъ спэгъунэгъуу пІэрэ жысІэуи согупсыс, - жеІэ Іэщ1агъэ дахэм дихьэха пщащэм.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Мыпхуэдэ фащэхэр Розэ едыф.




Урысмамбэт Розэ и сурэтхэм ящыщ.

Розэрэ (я кум дэтщ) абы и ныбжьэгъуэхэмрэ щхьэж ида бостейхэр ягъэлъагъуэ.

● Спорт хъыбархэр

Нэщанэ

Школакіуэхэм я зэфІэкІ

Урысей ДОСААФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и нэщанэуапІэ-спорт клубу Налшык къалэ дэтым щекІуэкІащ нэщанэ еунымкІэ республикэм и щыхьэрым пашэныгъэр къыщыхьыныкІэ школакІуэ нэхъыжьхэм я зэхьэзэхуэ.

ДОСААФ-м и Налшык къудамэмрэ Егъэджэныгъэмкіэ къалэ департаментымрэ къызэрагъэпэща зэпеуэр ирагъэкІуэкІащ зыуэ щыт МВ-1 упражненэмкІэ урысейпсо программэм икъ иткІэ. Республикэм и щыхьэрым и школакІуэхэм МВ-2 Іэщэмкіэ нэщанэр метр 50-кІэ Іухауэ зэфІэкІ щагъэлъэгъуащ.

Командэ зэпеуэм щытекІуащ очкои 116-рэ зыІэрызыгъэхьа курыт еджапІэ №28-м и школакІуэхэр, етІуанэ увыпІэр кьэхьащ школ №18-м щыщхэм, еджапІэ №13-р ещанэ хъуащ.

Щхьэзакъуэ зэхьэзэхуэм псом нэхърэ нэхъ Іэрыхуэу щыщІэкІащ курыт еджапІэ №26-м и школакІуэ Уэтэр Албэч, Губэшы Тембулэт (школ №23), етІуанэ увыпІэр къихьащ, курыт еджапІэ №28-м щыщ Бэлагъы Мурат ещанэщ.

Алыдж-урым бэнэкІэ

Етіуанэ, ещанэ увыпІэхэр

Нижегородскэ областым и Бор къалэм щекІуэкІащ а щІыналъэм спорт бэнэкІэр къыщыззэщІэнэща Серебряков Алексей алыдж-урым бэнэкІэмкІэ и фэеплъ урысейпсо зэхьэзэхуэ.

Утыкум щызэпеуахэм яхэтащ Іуащхьэмахуэ щІыналъэм и спорт школым и гъэсэнхэу Локьвевэ Муратрэ Жамболэтрэ. Ялэм етІуанэ увыпІэр кьихьащ, етІуанэр ещанэ хъуащ.

Бэнакіуэхэр и гъэсэнщ Урысейм щІыхь зиІэ и тренер Локьвев Юрий.

ТЕРКЪУЛ Мурат.

Атлетикэ псынщІэ

Иджы см 191-рэ

Франджым и Обон къалэм щекІуэкІа лъагэу дэлъеинымкІэ дунейпсо зэхьэзэхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхьыр щиІэтащ икІи щытекІуащ Кучинэ Марие.

Габрилян Геннадий и гъэсэныр сантиметри 191-м пэлъэщри, секторым и закъуэ кьинат. ТекІуэныгъэр зыІэрызыгъэхьа Марие см 195-м зрипщытат, арщхьэкІэ кьеэхулІакъым.

Шахматхэр

Гроссмейстерым къыкІэрыхуркъым

Республикэ чемпионатым куэдрэ бжьыпэр щызыубыда, шахматэмкІэ цІэрыІуэ Къармэ Мажмудин «Moscow Open» ветеранхэм я турнирым ехъулІэныгъэ щызыІэригъэхьащ.

Къармэм очкои 9-м щыщу 7-р зыІэригъэхьащ. Зы очко ныкъуэкІэ ар къыкІэрыхуащ гроссмейстер Драгомарецкий Евгений.

УЭРДОКЪУЭ Азэмэт.

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

ЩІалэщІэр мэдыгъуэ

Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэ щыІэм зыкъыхуигъэзащ ирахужьа «Лада - Приора» автомашинэр зей цІыхубзым. ЯмыщІыхум ар щызыІэригъэхьащ щагъэува Къэбэрдей уэрамым тет автомашинэ тхьэщІыпІэм деж.

Къэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэкІуэкІым щІэпхъаджагъэр зылэжьар яубыдащ. Ар илъэс 19 зи ныбжь, зэрыдыгъуам кьыхэкІыу нэхъапэми суд зытращІыхьа кьалэдэсырщ.

Зейм Іэрохьэж

Къэбэрдей-Балъкъэрым и еджапІэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зым и общежитым жьып телефон зэрыщадыгъуар сэтей къащІащ.

Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэ щыІэм зыхуэзыгъэза республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зым и студенткэм зэрыжиІамкІэ, щеджэ институтым и общежитым и пэшым сТолыщхьэм телъ сом мин 15 и уасэ и телефоныр текІуэдыкІат.

Ар къыщыхъуа щІыпІэм кьэкІуа полицэм и лэжьакІуэхэм а щІэпхъаджащІэр яубыдащ. Ар Іуащхьэмахуэ щІыналъэм щыпсэу, илъэс 19 зи ныбжь студенткэрщ.

Шэч зыхуащІым илъэкъмкІэ зиумысыжащ. Ядыгъуар къытрахыжри зейм Іэрагъэхьэжащ.

ЩІалитІ къапэщІохуэ

Къалъыхъуэ цІыхуитІ Къэбэрдей-Балъкъэрым и полицейхэм «Малка», «Таллин» постхэм щаубыдащ.

«Малка» федеральнэ къэпщытакІуэ-блэкІыпІэ пунктым къалэныр щезыхьэкІ полицэм и лэжьакІуэхэм Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу илъэс 34-рэ зи ныбжь цІыхухъум и дэфтэрхэр къыщапщытэм, яубзыхуащ щІэпхъаджагъэ илэжьауэ хуагъэфащэу ар УФ-м Наркотикэм кІэлъыплъыныкІэ и федеральнэ кулыкъым и Іуэхущ1апІэу КъШР-м щІэзым къызэрилъыхъуэр.

А махуэ дыдэм «Таллин» постым гъэсэныгъэ ящІыгъуэ зыІащ ВАЗ-2107 автомашинэр. Абы и пассажирыр - илъэс 26-рэ и ныбжьу Осетие Ищхьэрэ-Аланием и Пригороднэ районым щыпсэур - Сочэ къалэм нэгъуэщІым и мылъку къыщидигъуауэ шэч хуащІу къалъхьуэрт.

ЩІалитІыр яубыдащ, къэлъыхъуэныгъэр зи жэрдэмхэр ящІыгъуу Іуэхур зэхагъэкІ.

Налшыкдэс нэпсей

Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэ щыІэм мазаем и 9-м зыхуигъэзащ республикэм и щыхьэрым дэт бытовой техникэ щащэ тыкуэнэхэм ящыщ зым и унафэщІым. Абы зэрыжиІамкІэ, ямыщІыхьэм сом 2 178-рэ и уасэ Wi-Fiроутер тыкуэным щидыгъуакІащ.

Къэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэкІуэкІым дыгъуакІуэр яубыдащ. Ар нэхъапэм суд зытращІыхьауэ щыта илъэс 31-рэ зи ныбжь налшыкдэсырщ.

Ядыгъуар къытрахыжащ, уголовнэ Іуэху къаІэтащ.

ДыщэхэкІхэри игу ирохь

Тэрч районым полицейхэм сэтей къыщащІащ дыщэхэкІхэр зыдыгъуар.

Урысей МВД-м Тэрч щІыналъэм и къудамэм и лэжьакІуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэкІуэкІым зи ныбжь хэкІуэта цІыхубзым едыгъуар кьахутащ. Ар илъэс 16 хъууэ Краснодарскэкъуажэм щыпсэу цІыхубзырщ.

ЗэраубзыхуамкІэ, хъыджэбзыр Опытнэ станицэм щыІэ фэтэрым щІыхьэри сом мин 200 и уасэ дыщэхэкІхэр зыдэлъ, сом 3 500-рэ и уасэ цІыхубз сумкэ кьыщидигъуакІащ.

БзаджащІэм зиумысыжащ. Уголовнэ Іуэху къэІэтыным хопльэ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Щхьэхынэ

Гъэсэныгъэ хъыбар

Зы къуажэ гуэрым унагъуэ гуэр щыпсэуэт, зыхущыщІэ мы дунейм темыту. Щыхь куІрэ фо цІынэрэ яшхырт, ящыгъыр шылэрэ данэрэт. Я мэлыр хъушэт, я шыр гуартэрт, я быдымыр Іуэм кьикІын шэджагъуэ хъуху яухыртэкъым. Я гуныкъуэгъуэр зыт: зы щІалэ цІыкІу закъуэ яІэти, узижагъуэну щхьэхынэт. Апхуэдизкіэ щхьэхынэти, тхьэмахуэм зэитхьэщу арат.

Зы жэщ гуэрым ЩхьэхынІэ зыщІэлъ пэшым фаджэладжэ дыдэу хуэпауэ зы фызыжь кьыщІыхьащ. Ар ЩхьэхынІэ щхьэщыхьэри, жриІащ:

- Тэдж.

- Щыгугъи щыт абдеж, - хущъащ ЩхьэхынІэ. - Сыбгъэтэджынумэ, Іэплі экІэ сыкъащтэ.

Фызыжьыр башкІэ ину унэ лъэгум теуэри, дунейр зэуэ къэкІэрэхьуащ. КъэкІэрахьуэри, ЩхьэхынІэ напІэзыпІэм пэшышхуэ нэщІ гуэрым кьыщІэхутащ, мывэ упса щІыІэм телъу, щІагъщІэлъ фІэкІа щымыгъуэу.

- Ей-й! - кІиящ ЩхьэхынІэ. - ЩІыІэм сес, зыгуэр къыстефпІэ!

Арщхьэкіэ пэшыр щымщ. ЩхьэхынІэ аргуэру кІиящ. ИтІанэ абы фызыжьым и макъ хъыдзэхиащ:

- Мор хьэкущ. КІапсэ сенэм щІолъщ. Мэзыр гъунэгъущ. Пхъэ къэхьи, мафІэ ищІэ.

- Мы уэлбанэшхуэми? - мэгъыпанэ ЩхьэхынІэ.

- Мыуэлбанэтэмэ, унэр мыщІыІэтэмэ, мафІэ сыткІэ ухуейт?

ЩхьэхынІэ кІапсэ къищтэри, гъынанэуэрэ щІэкІащ. Унэм зэрыщІэбэкъуІкІыу уэшхым щигъэтащ, дыгъэр гуфІэжу къыкъуэкІыжащ, мэзыр къэпсэужащ. А псори игъэщІагъуэурэ �щхьэхынІэ мэзым щІыхьащ: «Уа, ей, мэзыр мыпхуэдизу дахэу хэт и гугъэнт!» - йогупсыс ар, игъащІэм мыпхуэдэ дахагъэ зымылъэгъуар.

Зэуэ ЩхьэхынІэ и щхьэщыгум къуаргъым и макъ къыщыІуащ:

- Къэрр-р, къэрр-р... Къэрабгъэ солъагъу.

Къуаргъым къанжэр кьыпІэджэжащ:

- КІа-кІа-кІапсэ иІыгъщ. Феплъыт, шынауэ мэкІэзыз.

- Кыш, щхьэгъавэхэ, - кьыкъуэкІащ Мыщэр. Абы ЩхьэхынІэ зыкъыхуегъаз: - Уемыдаіуэ абыхэм. Махуэ псом жыгыщхьэм тесэщ, ящІэн ямыгъэзту... ИІэ, уэри ущымыт, пхъэ гъур къэщыпи, пхуэхьынум хуэдизэ сэ пхуэзкІуэщІыспэнщ...

ЩхьэхынІэ жеІэ: - «Дэнэ сэ пхъэ гъур къызидисхыр? Мы жыг абрагъуэхэм сапэлъэщыныкъым».

- Іэгъу-гъу, - зригъэзыхащ Мыщэм. - Мыр пхъэхъэ? Мыр-щэ? Мыбы нэхъ пхъэфІ дэнэ къыпхын. Ешыр гъурмэ, жыгеймэ, хьэкум зэриплъхьэу, дэп жьэражьэ хъунущ.

ЩхьэхынІэ ильаГурт ар, ауэ зыхуегъэзыхыртэкъым, и ныбэр зэран къыхуэхъурт. Сытми, Іыхьсыхьышхуэ жиІэурэ, пхъэ Іэплі эк ыщыпащ. ПщІэнтІэпсыр ирикъуэкІыу, жыг пІьабжьэм зыщцІэпсэхуну етІысэха къудейуэ, Мыщэр кьеджащ:

- Къакіуэ, мыр уи Іэплі эм пхуислъхьэнщи, кІуэж.

Пхъэр щытрилъхьэм, ЩхьэхынІэ вырвырву пэкІэ щІихуащ.

- Ау-уей, уи инагъым хуэдизу уи къарууншагъщ, - ауан кьыщІащ Мыщэм. - Пхъэр ныптесІхьа нэужь, занщІэу уемыжьэ, хьэлъэм зегъаси, итІанэ хуэмурэ бакъуэ...

ЩхьэхынІэ етІуанэ махуэм пхъэ Іэплі ті кьиХ хьущ. Псы кІэхьын, пэш кІэпхъэнкІын, мафІэ щІын, пщэфІэн жьыхуэІэхэм хуэмурэ зригъэзащ.

Фызыжьым деж зэрыщыІэрэ илъэситІ нэблэгъауэ, махуэ гуэрым ар абы кьеджащ. Ар пщІантІэкум итт, шы дэгъуэ Іумпі эк ІэкІэ иІыгъщу:

- Иджы уэ зыми ущхьэхынэу кьыбжиІэфынукъым. Зэи зыщумыІэгъупщэ - лэжьыгъэр зэран зыхуэхъуа щыІэкъым. КІуэж, тІасэ, уи адэ-анэм деж. КІуэж, иКІи уигу игъэлъ: лэжьыгъэм, уи пщІэнтІэпс хьэлэлым кьыпэкІуам нэхърэ нэхъыфІ щыІэкъым...

ШЭДЖЫХЬЭЩІЭ Хьэмыщэ.



Зеикъуэ къуажэм дэт Къзэанокъуэ Жэбагъы и фэеплъ сыныщ.

Зеикъуэ къуажэм ищхьэмкІэ укъыщеплъмэ.

● ЖыІэгъуэхэр

Щэху цІыкІуу псалъэ

■Мурадым Іэр техуэмэ... лъэр щІоху!
■Лъабжьэмрэ щхьэкІэмрэ зэбладзмэ, тІури мэгъу.
■Зэгуэр яІэщІэмыгъупщыкІрэ ягу ихужьыпэрэ щыІэкъым.
■Закъуэныгъэр махуэшхуэхэм нэхъ зыхьибощІэ.
■Дзыгъуэрэ пэт бгъу зэрогъэхъу.
■Быдэу гъэтІылъам улъыхъуэурэ, ягъэпщкІуар къыкъуоху.
■Іэпкъпъэпкъ нЫкъуэбжьыуэр псэм и гъэрщ.
■Уаэрыщыгугъар нэхъыфІу е нэхъ икІэу къыщІидзмэ, зэхэщІыкІкІэ ухелъафэ.
■Зэ зыхуумыщІэжыфа нэхърэ, зыри зыхуумыщІэхха.
■Псоми уэзхахыну ухуеймэ, щэху цІыкІуу псалъэ.
■ПІащІэгъуэм пщигъэгъупщэр, гъуэгу теуви къэпщІэжьынщ.
■ФІыр щыхуалэм, Іейр щогъагъэ.
■Іэпкъпъэпкъ пщІыкІутІ уиІэрэ уимыІэрэ къомыузу пщІэнукъым.
■Иэзэпщ ІыжкІи уигу фІы зэрыхъун жэуап бгъуэгъэ?
■Учэнджащэ хуэдэу ящІэнкІ.
■Лъэужь Іей нэхърэ лъэужьынщэ.
■ФІым хуэдэгу тхьэкІымэр бзэгу хуэгъэкІащ.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

● Псалъэжьхъэр

Благъэ жыжьэ нэхърэ гъунэгъуфІ

♦Хьэ мыбанэ унэ гъэунэхъущ.
♦ЦІыхубз зыщІэмыс унэр сабафэщ.
♦ЩхьэЖ хуэфащэ и щауэгъущ.
♦Адэ ухъухункІэ адэр зыхуэдэр пщІэркъым.
♦Благъэ жыжьэ нэхърэ гъунэгъуфІ.
♦Гъунэгъуфі - къуэшыфІ пэлъытэщ.
♦Дыщ мэжаджэ Іэфіщ.
♦Зи дзэлыфэ къыпхуэзыІТ псори ныбжьэгъукъым.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Лэпс зэщІэт, мэлыл гъэгъупцІа, нартыху цІывынэ хэлъу

Лы гъэгъупцІар яупщІатэ г 25 - 30 хъуэрэз, псы хуабэкІэ ятхьэщІ, шыуаным иралъхьэри, псы щІыІэ щІакІэ. МафІэ иным тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафІэр цІыкІу ящІ, шыуаныщхьэр трапІэри, хьэзыр хъуху ягъавэ, тхъурымбэр зззэмызэ къытрахыурэ. Лы вар лэпсым кьыхэри, ихэкъущыкъу гуэрым иралъхьэ, лэпс тІэкІу щІакІэри, и щхьэр тепІауэ пэшхьэкубгъум трагъэтщ.

Лэпсыр яз, шыуан къабзэм иракІэжри, зэ къытрагъэкъуалъэ. Абы нартыху кьэлІамэ цІывынэ халъхьэри, зэлащІэурэ хьэзыр хъуху ягъавэ. Хьэзыр хъуа цІывынэр лэпсым и щхьэм къыдокІеик. Іэнэм щытрагъэувэкІэ, фалъэ куум лы гъэва тыкъыр цІыкІухэр иракІутэ, и щхьэм хьэлІамэ щІывынэ пщІырыр тракІутэри, лэпскІэ щІа бжьыныху шыпс щІакІэ. Ар псори зэлащІэж. Пщтыру яшх. Зыри дашхыркъым.

Халъхьэхэр
(цІыхуит1 Іыхьэ):
мэлыл гъэгъупцІауэ - г 200
лыр зэрагъэвэну псыуэ - г 1000

Нартыху цІывынэм халъхьэхэр:
нартыху хьэжьыгъэу - г 100
гуэдз хьэжьыгъэу - г 20
шыгъуу, псыуэ - узыхуейм хуэдиз.

Бжьыныху шыпсым:
Бжьыныху укъэбзауэ - г 20
Лэпсу - г 100
Шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхьжащ.

● Хъуэхъуэр

Дугулыбгъуей къуажэм щыпсэу зэтІолъхуэныкъуэхэу Къуэдзокъуэхэ Ранетэрэ Анетэрэ я махуэ лъапІэмкІэ сохъуэхъу

Фи узыншагъэр быдэу, фи дэрэжэгъуэм, беягъэм хэхъуэ зэпыту, гуфІэгъуэр фи куэду, нэщхьеягъуэр къыфпекІуэкІыу, фи гуэм илъэр кьывэхъуэлІэу, фи Іыхьлыхэр фи пщІэмрэ щІыхьымрэ иригушхуэу, гъащІэ дахэрэ насып инкІэ Тхьэр зыхуэупсахэм яцыщ пщащэ Тхьэм фищІ.

ПЩЫХЬЭЩІЭ Хьэмзэт.

Лэскэн щІыналъэм хыхьэ Хьэтуей къуажэм щыпсэу Къанло Алмирэ Артур и пхъум и ныбжьыр илъэси 8 зэрырикъумкІэ дохъуэхъу

Фіыуэ тлъагъу ди пщащэм уи дунейр дахэрэ узынщагъэр уиІэу, Іуащъхьэмахуэ мылыІтъэ уардэм хуэдэу уи нэмысыр лъагэрэ уи псэр кьабзэу, гуфІэгъуэмрэ дэрэжэгъуэмрэ уи Іэпэгъуу, уи щэнымрэ акъылымрэ санахуэфэр хуэІэту, уи зэфІэкІым дригушхуэу, ем упэщІэрэ фІым уху упабгъэу гъащІэ дахэ уиІэну Тхьэм жиІэ.

Уи анэшхуэ Замирэ, уи адэ-анэр, Амир, Айдэмыр, Алинэ, Аидэ, Аланэ.

● ГушыІэ

Уэ угубзыгъэмэ, къэгъуэтыж иджы

Тхьэмыщкіэ гуэр езыхужьауэ кІэлъыжэ бейр щилъагъум, Хъуэжэ кхъуэщын цІыкІур кьыщтэри, кІэлъыджэу щІэпхъуащ. Бежьыр къэувыІэри:

- Сыт ущІэкІийр? Узыхуейр сыт? - жиІащ.

- Ей, зиусхьэн, махъсымэфІ дыдэу мыбы из сиІамэ, уезгъэфэнут, - жриІащ.

КъигъэувыІар къеплъщ, къеплъри:

- Къыпхуэт щымыІэу уделэщ, - кьыжриІащ.

- АтІэ уэ унэхъ губзыгъэмэ, къэгъуэтыж иджы а епхужьар, - жиІэурэ и пщІантІэм дыхьэжащ Хъуэжэ.

ЖЫЛАУ Нурбий.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: 2. Гу шэрхъым щыщ Іыхьэ. 5. ИгъуэгуІ нэмысу дунейм къытехьа сабий. 7. Адыгэр игъащІэ пьандарэ зэпэжь гъавэ. 10. Щы къиуда. 11. Пасэрей Іэщэ зэрыпыджэ. 12. Къущхьэхъу хъуплэжэр гъэмахуэм ... уэр къыщащ щІыпІэщ. 13. Пшынауэ цІэрыІуэ, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист. 16. Ди ... щІалэр еджапІэ ищхьэм щІэтІысхьащ. 17. Къэнжал хьэку цІыкІу. 18. ШкІэ мэжэлІам и ... макъ хъІуащ. 20. Пхъэщхьэмыщхьэ. 21. Вакъэдыж Іэмэпсымэ. 23. ... и губжь кхъуэм щехьэ. 25. Жыг ... е джэдыкІэ... . 26. Губгъуэм лажьэу итым жраІэ хабзэщ: « ... апщий!». 27. ЛІыжьым щІалэр иущий хабзэщ: « ... жегъэІэ!». 28. Унэгуащэ, бзыльхъугъэ. 29. Бжэ-щхьэгъубжэм щахуэ. 32. Хамэ унагъуэм ирагъэпІ щІалэ цІыкІу. 34. Уафэм къех мыл тыкъыр цІыкІу. 35. Бын. 37. Фадэ гуащІэ. 39. ... и жапІэр езым кьеГъуэтыж. 41. Псалъэр пычыгъуитІ мэхъу. Ялэр - Іащ цІыкІу, етІуанэр - Жэмтхьэлэ щалъхуа адыгэ генерал. ПычыгъуитІыр зэщІыгъумэ (аращ къэфщІэн хуейр) - ди щІыпІэм Гъатхэм пасэу къэлъэтэж къуалэбзу. 44. Дыджыр абы ирагъэщхь. 45. Псыщхьэ тещтыкІа. 46. Зеиншэ. 47. Пхъэщхьэмыщхьэ тКІыбжь плъыжь цІыкІу. 48. Пкъы зимыІэ, зэкІэщІэж гуэр. 49. Хьэ лъакъуэрэ ... лъакъуэрэ зыубыда щыІэкъым.

Къехьу: 1. Муслъымэн лъэпкъышхуэ. 3. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и унафэщІ. 4. Зи нэхэм фІыуэ ямылъагъу. 5. « ... жащ» - Молэ Владимирэ Джадгъэф Борисрэ яуса уэрэд щІэрыІуэ. 6. Къэкіыгъэр щІым зэрыхэт Іыхьэ. 8. Къэбэрдей-Балкъэр Музтеатрым и уэрэджыІакІуэ, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист ... Алий. 9. ЦІыхубз пшэрыхь ... . 14. КъэзышагъащІэ щІалэ. 15. Ерыскъы нэхъ лъапІэ дыдэу адыгэм ибжыр. 19. НэгъуэщІым фІы къехъулІэмэ зи нэм бжэгъуу щІэуэ. 21. Мэкъу ... . 22. Нартхэм я ялэ гъуКІэр. 23. Хьэлу, мэжаджэ, чыржьн, ... 24. ІапІэзыпІэ. 30. Псы мыкуу. 31. Зи ... исым и уэрэд жаІэ хабзэщ нэхъыбэм. 33. ЩоджэнщІыкІу Алий и цІэр зезыхъэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакІуэ, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист. 36. Георгиевск къалэм зэрихьэ адыгэцІэр. 38. Егъэлеяуэ нэпсей. 40. Дзэм къулыкъу щызыщІэ щІалэщІэ. 41. Фіы зигу имылъ щІыху. 42. ЛІыжьым и ныбжьэгъум зыхуеГъэщІагъуэ: «Си нысэр ... зытетым я нэхъ дахэщ иКІи хьэл-щэныфІэщ». 43. Къэрэгъул, плъыр, ...

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Мазаем и 7-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: 3. Мэлыфэ. 5. Дуней. 7. Хьэмэм. 8. Шхэпс. 11. Сом. 13. Сыр. 14. Гъудэ. 15. Гъуэгу. 17. Тут. 18. УпщІэ. 20. Хьурмэ. 22. Сымаджэр. 23. Чынт. 25. Балэ. 26. Хьушэ. 27. Шыр. 29. Ялэ. 31. Афэ. 34. Лал. 35. Щыбын. 37. Лъэуей. 39. Къандзэгу. 40. Аргъынэ.

Къехьу: 1. Алим. 2. Тебэ. 4. Фомрэ. 6. Ушхэ. 7. Хьэсэ. 9. Сурэ. 10. Абдулатипов. 12. Мыгъуэ. 13. Сытхъу. 16. Гурышэ. 17. Тхьэгъуш. 19. Пхъы. 21. Мэл. 24. Тхъугъэ. 25. Брул. 28. Даущ. 30. Къулей. 32. Къанжэ. 33. Фэлъыр. 36. Банэ. 38. Убых.

● Прозэу тха усэхэр

Дыгъэ бзий Іуданэкіэ

- Къажэ, си псэ, къажэ, си деж къэкІуэж! - сабий пцІанэ цІыкІум кІэлъоІэбэ цІыхубзышхуэ, жыгым хуэдэу дахэу.

Сабийр къажэркъым икІи къэкІуэжыркъым - ауи кІеплъыхьэркъым. Жьым ирихьэжьа пхъэупсакуэ нэхьей, пкІатэ-лъатэу, зэ зы лъэныкъуэмкІэ, зэми адреймкІэ трИуантІэу, тенджызым хуожэ.

- Ей, си щІалэ цІыкІу, зэ къэувыІэ, псым сэ ухэсшэнщ.

ЩІалэ цІыкІур мажэ.

Гулъ шыр хуэдизу фІэкІа мыхъу лъэбжьанэ цІыкІухэм дыгъэр тоцІуукІ.

Сабий эекІуагъащІэм и лъакъуэ цІыкІуитІыр маститІ хуэдизу, дыгъэ бзийр Іуданэу ильэфауэ. Зы лъэбакъуэр.

ТІу.

Щы.

Зы лъэбакъуэр - зы мастэнщ.

Уафэ къащхъуэмрэ щІы щхьэфэмрэ сабийм зэрелуІ дыгъэ бзий Іуданэкіэ.

ХьэщІэм и чэнджэщ

Илъэсибгъум ит Маринэ унэ лъэгу кьилъэсми, пэшыр зэлъыІуихми, тхьилъ еджэми, - сыт ищІэми дзапэ уэрэд тІэкІу жиІэ и хабзэт. Маринэ и уэрэд жьІэкІэр унэм щІэсхэм ягу ирихьыртэкъыми, махуэ псом зэхэпхыр зыт: «Маринэ, бэяу! Бэяу, Маринэ!»

ХьэщІэ къахуэкІуат зэгуэр унагъуэми, гу лъитэщ абыи, щІэупщІащ:

- Уа, мы Маринэ щхьэ Іуэху фщІырэ?

- Іэмал хуэдгъэтыркъым, уэрэд тфІыжеІэ; жиІэфми зыгуэртэкъэ, джэду гурым фІэкІа пщІэнкъым.

- И гугъу фымыщІу зэ феплъыт, - жи хьэщІэм. - Ар щІэгурымыр фыпэроуэри аращ. Уэрэд жызыІэ щІыхум кьыпэрыуэ щымыІэу, и псэр хуиту, и гур утІыпщауэ щытын хуейщ. ИтІанэщ абы и макъыр кьыщиутІыпщынри.

КЪЭЖЭР Хьэмид.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖъэкІэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, �щхьэщэмыщІ Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлжьэныкъуэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм -42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкі Соня, редактору Табыщ Динарэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(1,2 3-нэ нап.),* ПхытІыкІ Азэмэт *(3, 4, 5-нэ нап.), корректорхэм я дэІэныкъуэгъу* Мырзэкъан ФатІимэ. *КомпьютеркІэ газетым и тепІэр ящІащ* Доп Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбакъуэ Анжелэ, *суэрэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.248 ● Заказ №250

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатным и хуитныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33